



Enstriksyon Medikal Alavans

Yon **Enstriksyon Medikal Alavans** se yon plan ki fè lòt moun konnen chwa medikal ou yo. Yo itilize l pandan yon **ijans** pou doktè yo ka konnen ki kalite tretman medikal ou vle oswa pa vle. Yo itilize l lè maladi w la oswa blesi w la tèlman grav ou pa ka fè chwa ak kominike chwa medikal ou yo. Ou ka endike yon **ranplasan ki otorize pou pran desizyon** nan Enstriksyon Medikal Alavans ou an. Yon ranplasan ki otorize pou pran desizyon se yon moun ou fè konfyans pou pran desizyon medikal pou ou menm. Si w pa endike yon ranplasan ki otorize pou pran desizyon, lalwa ap bay non moun ki ta pi bon pou pran desizyon pou ou. Yo rele lwa sa a **Lwa Ranplasman nan Swen Sante**.

Ki kote mwen ka itilize sipò sa a nan lavi m?

Tablo ki anba a montre kèk egzanp sou fason ou ka itilize yon Enstriksyon Medikal Alavans.

Lajan

Ou pa ka itilize yon Enstriksyon Medikal Alavans lè w ap pran desizyon konsènan lajan w.

Swen Sant

Avèk yon Enstriksyon Medikal Alavans ou kapab:

- Nonmen yon moun ki pou pran desizyon medikal pou ou
- Endike preferans ou pou don ògàn
- Endike plan pou kenbe w anvi ou oswa plan pou tretman fen lavi w

Lekòl

Ou pa ka itilize yon Enstriksyon Medikal Alavans lè w ap pran desizyon konsènan lekòl ou.

Lavi Prive

Ou pa ka itilize yon Enstriksyon Medikal Alavans lè w ap pran desizyon konsènan lavi prive w.

Lojman

Ou pa ka itilize yon Enstriksyon Medikal Alavans lè w ap pran desizyon konsènan lojman w.

Lavi apres lekòl segondè

Ou pa ka itilize yon Enstriksyon Medikal Alavans lè w ap pran desizyon konsènan lavi w apre etid segondè.

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou

<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025).

Enstriksyon medikal alavans. University of Delaware Center for Disabilities Studies.

Plis enfòmasyon sou enstriksyon medikal alavans lan

Kiyès ki pran desizyon?

Si w gen yon Enstriksyon Medikal Alavans, yon lòt moun pran desizyon pou ou nan yon ijans. Ou ka di ki moun ou vle ki pou pran desizyon pou ou.

Èske yo mande yon odyans nan tribinal pou yon Enstriksyon Medikal Alavans?

Non, anjeneral yon odyans nan tribinal pa obligatwa lè w ap kreye yon Enstriksyon Medikal Alavans. Ou ka ranpli sa a poukont ou oswa avèk sipò yon pwofesyonèl swen sante.

Èske yo ka chanje yon Enstriksyon Medikal Alavans? Si se wi, kiyès ki ka fè sa a?

Wi, ou kapab chanje Enstriksyon Medikal Alavans ou an nenpòt lè, swa vèbalman oswa alekri. Pou ou chanje Enstriksyon Medikal Alavans ou an, ou ka kreye yon nouvo dokiman avèk chwa medikal ou mete ajou a. Apresa, siyen fòm ki ajou a epi mete dat sou li epi pataje l ak founisè swen sante w yo ak sipòtè w yo.

Ki kote mwen kapab ale pou m jwenn plis enfòmasyon sou Enstriksyon Medikal Alavans lan?

Ou gen chwa nan sa a ki gen pou wè avèk sipò jiridik lè ou gen 18 ane. Yon Enstriksyon Medikal Alavans se yon chwa ki disponib nan Delaware. Lòt eta yo ka gen règ diferan oswa yo ka pa ofri menm chwa sipò jiridik ak Delaware.

Ale sou <https://dhss.delaware.gov/dsaapd/advance1.html> pou ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Enstriksyon Medikal Alavans epi telechaje yon kopi fòm Enstriksyon Medikal Alavans lan. Fòm sa yo disponib nan lang Anglè ak Espanyòl.

Se Konsèy Andikap Devlopman Delaware (Delaware Developmental Disabilities Council) ki finanse pwojè sa a avèk fon federal. Sa a pa vle di opinyon yo reprezante opinyon Konsèy la oswa Administrasyon an.

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou

<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025). *Enstriksyon medikal alavans*. University of Delaware Center for Disabilities Studies.



Dènye Mizajou: 03/2025